

# » Alèji Manje

Sa ou dwe konnen

Gen kèk milyon moun ki fè alèji ak manje. Gen nan alèji sa yo ki pa grav, men genyen ki ka touye w.



Si yon kliyan fè yon reyaksyon alèjik, fè manadjè a konnen, epi rele 911!

## Kite kliyan an decide

Lè yon kliyan di ou ke yon moun ki avèk li fè alèji ak yon manje, suiv 4 direksyon sa a yo:

- **Fè** kuizinye an chèf la, manadjè a, oubyen moun ki responsab la konnen.
- **Pale** de alèji a ak kliyan an, epi tcheke non engreyan ki sou etikèt yo.
- **Sonje** tcheke fason manje a prepare pou wè si pa gen kontaminasyon.
- **Reponn** kliyan an epi di li ki enfòmasyon ou jwenn.

## Evite kontaminasyon

Sous kontaminasyon yo enkli lwil kuizin, badijonmay, ak vapè k ap soti nan manje k ap kuit.

Lè sous kontaminasyon sa a yo touche ak manje ki bay alèji, lave yo byen lave nan dlo cho ak savon:

- Tout istansil kuizin (kiyè, kouto, espatil, pensèt, elatriye.)
- Plato, bonm, kastwòl
- Aparèy pou fri ak griy.

## Manje ki bay alèji ki pi komen




Pistach



Tout kalite nwa



Pwason



Kristase



Ze



Lèt



Ble



Soya